

Ababanyi, Abagenzi n'Imiryango

**Ingene
Mushobora
Kwigisha
Abagabo
bahahaza abo
bubakanye**

Mwoba muzi umugabo atatira umukenyezi wiwe ariko mutazi ico mwokora? (Hari umuntu muzi ababaza umugore wiwe, kandi mutazi ico mwogira) Uru rwandiko rurerekana ibimenyetso vy'imhuri kandi rugasigura ingene wovugisha umugabo w'intati kuvyerekeye inzongeso ziwe mbi.

Ababanyi, Abagenzi n'Imiryango niisekeza ryo kwigisha ibimenyetso vyerekana umugore ahahazwa kugira ngo abantu bari hafi y'umugore acinyizwa canke umugabo w'intati bashobore kumufasha.

Umuntu wese ahaba afise uruhara rwo gukingira umugore ngo ntacinyizwe. Mushobora gushikira amashirahamwe yo mukibano canyu afasha abakenyezi bacinyizwa canke ayafasha abagabo b'intati.

Iri Sekeza ni igikorwa c'isangihagati ya leta ya Ontario, ubuyobozi bukuru bw'imibereho y'abakenyezi n'umugwi w'abahinga wa Voisin-es, ami-es et familles baciye muri Centre for Research and Education on Violence Against Women and Children.

Ibimenyetso vy'imhuri

Mushobora kwikeka ko hariho amatati akorerwa ku mubanyi, k'umugenzi canke ku ncuti, ariko ntimumenye ico mwokora canke uko mwobigenza. Mushoboye gutahura ibimenyetso vy'imhuri n, ibituma hashobora kuba agahahazo ku bakenyezi, murashobora gufasha.

Mubonye ibimenyetso vy'imhuri bikurikira, haba hageze kuvyiyamiriza:

Umugabo aramucinyiza
Umugabo yihariza ijambo niwe avuga gusa kandi avuga cane
Umugabo amwamiza kw'ijisho umwanya wose, no kukazi
Umugabo agerageza kuvuga ko ariwe yababaye kandi ameze nk'uwurwaye akabonge
Umugabo agerageza kumushira kure yanyu
Umugabo amufata nk, uko yoba ari igikoresho ciwe
Umugabo arabesha kugirango yiyerekane ko ari intungane
Umugabo yifata nkurengeye abandi bose mu rugo

Umugore asaba imbabazi canke agasigura inyifato yiwe canke naho agatata akongera agashavura
Umugore asa n'uwutinya guserura icyumviro ciwe imbere y'umugabo
Umugore asa n'uwurwaragurika agasiba n'akazi
Umugore agerageza guhisha ibikomere
Umugore arondera ivyitwazo vyo kutitaba umubonano ku munota wanyuma canke ngo ahure n'abandi canke akabirengagiza bahuye mw'ibarabara
Umugore asa nk'uwubabaye, yishwe n'irungu n'intuntu canke afise ubwoba
Umugore anywa ibiyayuramutwe canke inzoga kugira yiyibagize amagorwa yiwe

Ibimenyetso vy'imhuri bihanitse

Ingorane yoba ihambaye kurusha mu bihe bikurikira:

Umugabo afise uburyo bumworohera gushikira umugore wiwe n'abana
Umugabo ashobora kuronka ibigwanisho bimworoheye
Umugabo afise kahise k'ubutasi ku mugore ndetse no ku bandi
Umugabo yarakoresheje itera bwoba yo kubabaza umugore ndetse no kumwica mu gihe amuhevye. Akavuga ati "Nimba utari uwanje, nta n'umwe azo kwemera".
Umugabo akoresha itera bwoba kugira ngo agirire nabi abana, ibitungwa vyawe ndetse n'amatungo y'umugore
Umugabo akoresha itera bwoba ryo kwiyica
Umugabo yarakubise umugore, yarashatse kumuniga
Umugabo ari mubihe bigoye vy'ubuzima (akarorero: akazi, gutandukana, agahinda)
Umugabo yicura umugore ko arenga ibigo

Umugore niho acahukana canke afise intego yo kuvana n'umugabo
Umugore afise ubwoba bw'umutekano wiwe n'abana biwe canke ntashobora kubona ingorane zimugeramiye canke ntashobora kubona ibimugeramiye
Umugore agwanira kugumana n'abana canke afise abana b'abazanano
Umugore akundana n'uwundi mugabo

Umugabo yagiriza umugore ko yamwononeye ubuzima
Umugabo ntivyitayeho kurondera abomufasha
Umugabo arihweza inyifato z'umugore, arumviriza ibiganiro kw'itelefone, agasoma inyandiko ziwe ndetse akanamukurikirana aho aja hose
Umugabo afise ingorane zo kuguma mu kazi
Umugabo anywa ibiyayura umutwe canke aborerwa imisi yose
Umugabo ntivyubaha amategeko

Umugore afise ibikomere bidafise insiguro
Umugore ntavugaga ibyerekeye afise kw'itelefone
Umugore afise izindi ingorane (akarorero: ntavugaga icongereza, ntararonka uburengazira araronka bwo kuba muri Canada, akaba mu gahinga ka nyaga na nde)
Umugore nta bagenzi canke umuryango afise

Ibiharuro vyerekana ko abakenyezi badashikana imyaka 25, abakenyezi bamugaye, abakenyezi b'imvukira n'abakenyezi babana bidaciye mu mategeko nibo babangamiwe ku rusha. (Statistique Canada: La violence familiale au Canada: un profil statistique, 2005).

(N'aho agahahazo gakunda gushika mu mibano y'abadahuje ibitsina, karashobora no gushika mu mibano y'abasangiye ibitsina. Ivyiyumviro biri muri uru rwandiko vyerekeye bose) n'umugore k'umugore. se.)



Ingene wovugisha umugabo w'intati

Rimwe na rimwe abantu bazi neza umugabo w'intati barirengagiza inyifato yiwe ariko bakitaho gusa umugore yahahajwe. Mu bindi bihe bimwe bimwe, abantu bashobora kugirira impuhwe umugabo w'intati, maze ivyo bigatuma vyunyura amatati y'umugabo. Kuvugisha umugabo w'intati n'igisata kinini co gukingira umugore ahahajwe, ariko bikwiye gukoreka mu buryo bwitonze. Inyifato z'agahahazo ntizijana ubwazo. Hariho amashirahamwe atanga uburyo bwo gufasha umugabo mu kibano ciwe.

Ng'ibi ivyo mwoshobora gukora mu gihe mubonye ibimenyetso vy'imburi z'agahahazo:

- Tora igihe ciza hamwe n'ikibanza gikwiye co kuganira bikwiriye.
- Mwegere mu gihe yatekereje.
- Tomora neza kandi usigure neza ivyo wabonye.
- Mubwire ko ajejwe kugenzura inyifato ziwe. Wirinde kumucira urubanza kubimwerekeye. Ntukemeze ko yogerageza gucira imanza abandi ku vyerekeye ingeso ziwe.
- Mumenyeshe ko inyifato ziwe zikwiye guhagarara.
- Ntukoreshe igikenye ngo ahinduke canke arondere imfashanyo.

- Mubwire ko umutekano w'umufasha wiwe hamwe n'abana bikuraje ishingira.
- Ntimuze muje mu mpari nawe kuvyerekeye inyifato yiwe y,agahahazo. Mumenye ko inzira zo kwishurana nawe mu kumwumvisha amakosa yiwe zishobora kwunyura imibereho no gukwegera uwo mukenyezi akamererwa nabi kurusha.
- Muhamagare abajejwe umutekano mu gihe umutekano w'umukenyezi woba ugeramiwe.

Mu gihe ahakana ko adahahaza uwo bubakanye:

- Abagabo bahahaza abo bubakanye kenshi ntibemera kwagira icaha c'ibikorwa vyabo bigayitse, barahakana ko atakibi bakoze, ko bo n'abo bubakanye ibintu bitameze nabi canke bagata amakosa k'u wahahajwe. Iyo nyifato ituma bikurako icaha. C'ivyo bakoze.
- Mubandanye ikiganiro canyu gishingiye ku buryo umutekano n'ineza y'umuryango wiwe bibaraje ishingira Mumwibutse ko guhahaza uwo bubakanye bitigera na rimwe biba inyishu y'ingorane afise.
- Mugumye inzira zibahuza kuganira zuguruyea kandi murondere uko mwomufasha.

Mukomeze umutekano wanyu umwanya wose. Ntimwite hagati y'abagwana. Muhamagare abajejwe umutekano mu gihe vyihuta.

Ingene mworengera amadidane mufise mu gufasha uwubikeneye

Ng'ibi ivyiyumviro bimwe bimwe bituma mugira amadidane kumbure mu gufasha uwubikeneye:

Ivyo batera amakenga	Ivyo mutegerezwa gutorerara inyishu
Mwibaza ko bitabaraba	Gishobora kuba ikibazo c'agacamutwe. Agahahazo karaba uwo ari we wese
Ntimuzi ico mwovuga	Kumwumvisha ibibaraje ishingira n, amakenga mufise niyo ntango nziza
Haraho mwokunyura izo ngorane z, amatati	Kutagira ico mukora, bishobora kwunyura amatati bafitaniye
Ntibimeze nabi ku buryo mwohamagara abajejwe umutekano	Abajejwe umutekano bafise ubumenyi n'ubuhinga bwo gutabara no gukoresha ubundi buryo
Mutinya ko yobagirira nabi mwe n, umuryango wanyu	Mumuvugishe ari wenyene hanyuma mumenyeshe abajejwe umutekano iterabwoba abagirira

Ivy obatera amakenga	Ivyo mutegerezwa gutorerara inyishu
Mwibaza ko umugore adashaka kuvana n'umugabo kuko yama agenda agaruka	Haraho Umugore yoba ataronse imfashanyo ikwiriye
Mutinya ko umugabo yobashavurira	Birashoboka, mugabo umugore azomenya ko ikibazo c'umutekano wiwe kibaraje ishingira
Mwibaza ko mutokwisuka mu byabo kuko bombi ari abagenzi banyu	Umwe mu bagenzi bawe aratata, uwundi nawe atekewe n'ubwoba
Mwibaza ko iyo umugabo ashaka imfashanyo yari kuyisabira canke yoshaka guhindura inyifato yiwe, yobikoze uko	Haraho umugabo afise isoni nyinshi zo gusabai mfashanyo
Mwibaza ko ari ibanga ryabo ivyo bitabaraba	Ntibikiri ibanga ryabo kuko umwe yamaze gukomereka

Ukeneye insiguro

Femaide kuri **1-877-336-2433** ni inimeru ya telefone y'abavuga igifaransa mushobora guhamagara umwanya uwariwo wose ku buntu ku bakenyezi bahahajwe mu ntara ya Ontario. Ku bafise ingorane z'ukutumva neza, bashobora guhamagara kuri **1-866-860-7082**. Ivyo muvugira kuri izo nimeru biguma ari ibanga.

Abakorera kuri iyo nimeru barashobora gufasha umukenyezi yahahajwe canke umugabo yatase. Bazoganira namwe ibimenyetso vy'imburi z'agahahazo mwabonye, bongere babahe impanuro ku mfashanyo mushobora gutanga.

Kubifuza kuronka izindi nsiguro ku mfashanyo zitangwa na Femaide, muraraba kuri site: **www.briserlesilence.ca** Mu gihe vyihuta, murahamagara abajejwe umutekano babegereye.

*Abagabo n'abagore benshi baba mu ntara ya Ontario bumva ubwabo biberekeye kurwanya agahahazo kagirirwa abakenyezi. Intambwe ya mbere y'urwo rugamba, ni ukumenya ibimenyetso bigaragaza ako gahahazo. Mufate ibimenyetso vy'imburi nka nkama. Kubifuza izindi nsiguro muraraba kuri site: **www.voisinsamisetfamilles.on.ca***

Ukwezi Kwa Gatatu 2009

Biri kandi muzindi ndimi

Imfashanyo ya Guvernema ya Ontario